



Enfòmasyon pou fanmi k ap fè alètman yo

Lis Kontwòl pou Bagay Esansyèl pou Pozisyone ak Priz

Pozisyone

- ✓ Kenbe bebe a toupren manman ak do dwat.
- ✓ Sèvi ak yon zorye pou apiye dèyè bebe a.
- ✓ Kenbe tèt li dèyè zòrèy li, ak tèt bebe a pwolonje tou piti.
- ✓ Aliyen nen bebe ak pwent tete.



Ofri sen an

- ✓ Aliyen dwèt ou yo ak po bouch bebe a, asire w ofri yon gwo pòsyon nan sen w bay bebe a.
- ✓ Kenbe tankou sandwich (peze wonn tete a dousman).
- ✓ Vize pwent tete w ant nen bebe a ak po bouch anlè a.
- ✓ Mete po bouch anba bebe a sou sen an, vè 1 pous anba pwent tete a.
- ✓ Mennen bebe a sou sen w, pa mennen sen w bay bebe a, rapidman, manton anvan.



Kontwole priz la

- ✓ Tcheke si po bouch li bride, bouch louvri jiska 140°.
- ✓ Asire pa gen doulè, pwent tete w pa kwense ni pliye.
- ✓ Asire manton li kole ak sen w, priz asimètrik.

Evalye transfè lèt la

- ✓ Veye gwo mouvman machwè.
- ✓ Gade pou wè si l ap souse.
- ✓ Tande pou wè si l ap vale (apre lèt la sòti).



Enfòmasyon ki founi yo fèt sèlman pou objektif edikasyon ak enfòmasyon jeneral. Li pa ni fèt ni enplike li ranplase konsèy medikal pwofesyonèl. Toujou chache konsèy founisè swen medikal ou pou tout kesyon ou kapab genyen konsènan kondisyon medikal pa w oubyen sa de ti bebe w. Pa janm neglije konsèy medikal pwofesyonèl ni retade chache li akòz yon bagay ou te aprann nan enfòmasyon sa yo. Mete w alèz pou fè kopi selon lisans komen kreyatif CC BY-ND. Resous Edikasyon Alètman 2022.